

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Métode nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan anu gumantung kana tujuan panalungtikan nya éta métode dészcriptif. Saluyu jeung pamanggih Moléong (Cahyati, 2009:6) “*penelitian yang bermaksud untuk memahami fenomena tentang apa yang di alami oleh subjek penelitian misalnya perilaku, persepsi, motivasi, tindakan, dll.*” Metode dészcriptif dina ieu panalungtikan pikeun ngagambarkeun prak-prakanana, pungsi SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut, ajén-inajén hususna ajén éstética dina SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut, jeung matalikeun ajén éstética anu nyangkaruk dina SRD pikeun pangajaran maca di kelas XII.

#### **3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

- 1) Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha sajarah kamekaran, prak-prakan, jeung pungsi SRD.
- 2) Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para seniman Raja Dogar di Désa Kérésék Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut, pikeun nyangking bahan lisan (sumber lisan). Ieu téhnik téh salah sahiji bagéan anu penting dina unggal survey. Ieu hal geus diécéskeun Arikunto (2010: 198) nya éta:

“*Wawancara (interview) adalah sebuah dialog yang dilakukan oleh pewawancara (interviewer) untuk memperoleh informasi dari terwawancara.*”

- 3) Dokuméntasi nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara ngulik jeung nganalisis dokumén-dokumén nu mangrupa dokumén tinulis, gambar, jeung éléktonik. Dokuméntasi digunakeun pikeun meunangkeun data dina wangun arsip,

- gambar, video jeung data séjéenna anu dianggap perlu pikeun ngarojong ieu panalungtikan.
- 4) Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakanana éta panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon waé nu ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir.

### 3.3 Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta analisis data hasil obsérvasi, wawancara jeung dokuméntasi. Sanggeus ngahijikeun sakabéh data anu kapanggih waktu panalungtikan. Satuluyna data didéskripsiikeun, sanggeus kitu diolah dumasar kana pamarekan éstétika. Nu dipaluruh nya éta ngeunaan sajarah kamekaran SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut, prak-prakan SRD, pungsi SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut, satuluyna dipedar ajén éstétika anu aya dina SRD, nyieun bahan pangajaran maca bahasan kasenian pikeun mikanyaho luyu henteuna dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca kelas XII.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat atawa cara nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

#### 1) Kaméra Digital

Kaméra digital digunakeun pikeun ngarékam pintonan SRD jeung dipaké ogé pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara ka para seniman SRD. Salian ti éta digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar dina magelarkeun SRD.

#### 2) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para seniman SRD di Désa Kérésék Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut. Patalékan-patalékan dina padoman wawancara nya éta:

Tabél 3.1 Padoman Patalékan dina wawancara

No.	Patalékan-patalékan Wawancara
1.	Ti iraha ayana SRD téh?
2.	Naon kasang tukang Bapa tiasa nyiptakeun ieu SRD?
3.	Naha kasenian ieu bet dingaranan SRD?
4.	Saurna Bapa téh pituin kampung Loji, namung ieu kasenian nyanggélékna di Malangbong. Hal naon anu ngalantarankeun kasenian ieu bisa nyanggélékna di Malangbong?
5.	Naon alesana SRD ngalaman pindah tempat, anu asalna di Malangbong tuluy pindah ka kampung Loji?
6.	Ditilik tina wangun dogar, bahan-bahan naon waé anu dipaké téh? Naha aya kritéria husus dina pamilihan bahanna?
7.	Bahan-bahan naon waé anu dipaké pikeun nyieun wangun kostim Dogar téh?
8.	Ti mimiti ngadegna SRD, naha aya parobahan tina pamilihan bahan pikeun nyieun wangun dogar?
9.	Ditilik tina wanguanna dogar, ti taun ka taun téh aya sabaraha kali parobahan tina segi warna anu dipilih?
10.	Naha aya kasang tukang nu ngalantarankeun dina pamilihan warna dogar?
11.	Ti mimiti ngadegna ieu kasenian naha ngalaman parobahan tina properti jeung baju anu dipaké ku pamaén? Lamun ngalaman, sabaraha kali parobahanna?
12.	Naon waé waditra anu dipaké dina mirig SRD téh?
13.	Waditra anu dipaké naha ngalaman parobahan? Naha nambahatan atawa ngurangan?
14.	Saencan prungna ieu kasenian, naha aya persiapan anu husus? Saupama aya persiapan tina segi naon?
15.	Saencan prungna ieu kasenian, naha aya ritual husus atawa hal-hal anu ngawajibkeun pikeun kalancaran lumangsungna ieu kasenian?

16.	Naon alesana dina SRD teu aya kawih (lalaguan) anu marengan dina prungna ieu kasenian?
17.	Pola tari kembang désa jeung bobotoh, naha geus matok pola tarina atawa henteu?
18.	Naon udagan Bapa dina nyiptakeun ieu kasenian téh?

### 3.5 Desain Panalungtikan

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

#### TUJUAN PANALUNGTIKAN

Ngadéksripsiéun:

1. Sajarah kamekaran SRD
2. Prak-prakanana SRD
3. Pungsi SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut
4. Ajén éstétika naon waé anu nyangkaruk dina SRD
5. Matalikeun ajén éstétika anu nyangkaruk dina SRD pikeun pangajaran maca di SMA kelas XII

NGAYAKEUN PANALUNGTIKAN DI KACAMATAN CIBATU JEUNG NGAWAWANCARA SENIMAN SRD.

NGADÉSKRIPSIKEUN DATA JEUNG NGANALISIS AJÉN ÉSTÉTIKA DINA SRD.

MATALIKEUN AJÉN ÉSTÉTIKA ANU NYANGKARUK DINA SRD PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII.

NYIEUN KACINDEKAN TINA HASIL NGOLAH DATA.

### **3.6 Sumber Data**

Sumber data nya éta subjék ti mana éta data dicangking. Sacara gurat badagna, sumber data ngawengku tilu rupa nya éta jalma, tempat jeung kertas atawa dokumén (Arikunto, 2010:172).

- 1) Jalma, nya éta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét;
- 2) Tempat, nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Tempat mangrupa tempat pikeun observasi.
- 3) Kertas atawa dokumén, nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Luyu jeung pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta data ti seniman SRD ngaliwatan hasil rékaman nalika ngawawancara, tina foto atawa video pintonan SRD anu aya di Désa Kérésék Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut. Cindekna, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta Dapur Seni Béntang Pasundan.

#### **3.6.1 Seniman Lingkung SRD**

Dina ngumpulkeun data ngeunaan SRD, panalungtik ngayakeun wawancara ka para seniman Raja Dogar anu aya di Désa Kérésék Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut. Wawancara ka para seniman di antarana ka pupuhu SRD, kokolot (*Pengasuh*) SRD sakaligus ketua RW Kampung Loji, jeung pamaén.

##### **1. Biodata Informan**

Wasta	: Entis Sutisna
Umur	: 55 taun
Pakasaban	: Pegawai Swasta
Atikan	: KOKAR/SMKI
Alamat	: Kp. Loji Rt 05 Rw 08 Désa Kérésék, Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut.

Kalungguhan : Pupuhu SRD sakaligus pupuhu Dapur Seni Béntang Pasundan

## 2. Biodata Informan

Wasta : Méméd

Umur : 57 taun

Pakasaban : Pensiunan PT. Kereta Api

Atikan : SMP

Alamat : Kp. Loji Rt 02 Rw 08 Désa Kérésék, Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut.

Kalungguhan : Kokolot (*Pengasuh*) SRD sakaligus Pupuhu RW kp. Loji

## 3. Biodata Informan

Wasta : Dedy Supriadi

Umur : 32 taun

Pakasaban : Pegawai Swasta

Atikan : STM

Alamat : Kp. Loji Rt 04 Rw 08 Désa Kérésék, Kec. Cibatu Kabupatén Garut.

Kalungguhan : Pamaén salaku wasit

### 3.6.2 Gambaran Umum Lokasi jeung Sosial Budaya Tempat Panalungtikan

#### 3.6.2.1 Lokasi Géografis

Kampung Loji nu dijadikeun tempat panalungtikan téh perenahna aya di Désa Kérésék wilayah Kacamatan Cibatu, Kabupatén Garut. Wates kampung Loji nya éta di béké kalér diwatesan ku Kampung Cibodas Désa Kérésék Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut, béké kidul diwatesan ku Kampung Gunung Limbangan Désa Cibatu Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut, di béké wétan diwatesan ku Kampung Dungusari Désa Wanakerta Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut, di béké kulon diwatesan ku Kampung Baru Désa Cibatu Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut. Kampung Loji salah sahiji kampung anu loba jumlah pendudukna.


Marlina Efendi , 2013

Ajen estetika dina seni raja dogar di kacamatan cibatu kabupaten garut pikeun bahan pangajaran maca kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Numutkeun data ti Posyandu taun 2012, jumlah penduduk Kampung Loji aya 831 urang kalayan jumlah lalaki aya 423 urang jeung awéwé 408 urang nu kabagi kana 230 KK.

Gambar 3.1 Peta Désa Kérésék



### 3.6.2.2 Warga

Hubungan antar masarakatna kawilang alus dina kahirupan sapopoéna, sarta masarakatna soméah hadé ka sémah. Salian ti éta, lamun aya kapapaténan jeung nu gering sok silih bantuan boh tanaga boh matéri. Ieu nandakeun masarakatna hirup kumbuh sauyunan, silih ajénan, antara masarakat hiji jeung nu lianna. Kitu ogé lamun aya kerja bakti, masarakat Kampung Loji sok paheuyeuk-heuyeuk leungeun.

### 3.6.2.3 Pendidikan

Kamekaran widang pendidikan di Kampung Loji geus kawilang alus, lantaran katémbong tina perséntase pendidikan di Kampung Loji di antarana SD 20%, SMA 50 %, jenjang lanjutan sakola (D1,D2,D3,S1,S2) 10%. Sarana jeung prasarana pendidikan anu aya di Kampung Loji di antarana Paud jumlahna hiji nya éta Paud Darul Mutaqin, TK jumlahna hiji, wanganan SD aya hiji nya éta SD

Marlina Efendi , 2013

Ajen estetika dina seni raja dogar di kacamatan cibatu kabupaten garut pikeun bahan pangajaran maca kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Kérésék IV, jeung wanguan SMA aya dua nya éta SMA PGRI jeung SMA 3 Garut.

#### **3.6.2.4 Agama**

Masarakat Kampung Loji sakabéhna ngagem agama Islam. Kagiatan-kagiatan rutin kaagamaan Islam masih kénéh remen dilaksanakeun, misalna pangajian ibu-ibu unggal poé Rebo, Kemis, jeung Minggu, pikeun bapa-bapa jeung pemuda unggal malam minggu, pikeun barudak ti mimiti soré ba'da Ashar jeung ba'da Magrib.

#### **3.6.2.5 Basa**

Basa anu dipaké ku masarakat Kampung Loji nya éta basa Sunda, sok sanajan aya warga anu lain urang Sunda saperti urang Jawa, tapi sanajan urang Jawa manéhna nyaluyukeun maké basa Sunda dina komunikasi jeung warga nu séjénna sanajan lentongna mah anger kadéngéna lentong Jawa.

#### **3.6.2.6 Pakasaban**

Pakasaban masarakat Kampung Loji ngawengku kana sababaraha widang, di antarana kuli bangunan, karyawan, pedagang, tani, jeung PNS. Umumna mah masarakat Kampung Loji pakasabana nya éta kuli bangunan.

### **3.7 Wangenan Operasional**

Dina ieu panalungtikna diperlukeun keterangan anu jéntré sangkan teu nimbulkeun rupa-rupa panapsiran. Ieu keterangan téh patali jeung judul panalungtian, diwincik saperti ieu di handap:

- 1) Ajén mangrupa harga atawa nilai barang anu abstrak. Éstética bakal kapanggih dina karya-karya senina sorangan, nalika keur diciptakeunna éta kasenian, kitu ogé basa keur ditingali (aprésiasi) tur dirasakeun ku pamirsa. Dina ieu panalungtikan museur kana ajén éstética nu mangrupa nilai atawa harga kaéndahan anu nyangkaruk dina SRD;

- 2) SRD nya éta salah sahiji kasenian nu aya di Kabupatén Garut, anu mekarna di Kampung Loji, Désa Kérésék Kacamatan Cibatu. Ieu kasenian mintonkeun adu domba anu jadi maskot kota Garut;
- 3) Bahan pangajaran mangrupa salah sahiji komponén dina prosés diajarnagajar.
- 4) Pangajaran maca nya éta salah sahiji pangajaran anu aya dina SKKD basa Sunda, nu miboga tujuan sangkan siswa bisa nyangkem kana wacana nu jadi bahan pangajaran;
- 5) SMA (Sekolah Menengah Atas) nya éta lembaga pendidikan formal tingkat menengah anu aya dina naungan Depdikbud.

